Мадæлон æвзаджы программæ 2 къласæн

Æмбарынгæнæн фыстæг

Тематикон пълан арæзт у «Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæ 1-4 кълæстæн»- ы домæнтæм гæсгæ. 2 къласы ирон æвзаг ахуыр кæнынæн лæвæрд цæуы 68 сахаты.

Дыккæгæм къласы кусæн программæ арæзт æрцыд ног иумæйаг паддзахадон ахуырады домæнтæм гæсгæ. Ивд æрцыдысты темæтæм гæсгæ цы сахатты бæрц лæвæрд æрцыд уыдон *(къуыри – 2 сах. æдæппæт – 68 сах.)* æмæ уыдонмæ гæсгæ конд æрцыд къалендарон-тематикон пълан.

Бындур æвæрд цæуы скъоладзауты алывæрсыг рæзтæн: сæ зонындзинæдтæн; хибарæй хъуыды кæныныл ахуыр кæнынæн; ныхасы æмæ хи дарыны культурæйæн; раст хъомыладæн.

Мадæлон æвзаджы руаджы скъоладзаутæ базонынц царды æцæгдзинæдтæ, йæ сусæгдзинæдтæ.

Ахуыр æмæ хъомылады хæстæ скъолайы кæрæдзиуыл хъуамæ цæуой æнгом баст. Скъола ахуыргæнинæгты хъуамæ ифтонг кæна сæ кармæ гæсгæ хъæугæ зонындзинæдтæй, рæзын сæм кæна адæймаджы хуыздæр миниуджытæ, цæттæ сæ кæна цардмæ.

Райдайæн скъолайы хæстæн сæ ахсджиагдæр у мадæлон æвзаг ахуыр кæнын, уымæн æмæ уый у иннæ предметтæ ахуыр кæныны, националон культурæйы бындур, æргом кæны йæ адæмы миддуне, истори, йæ фыдæлты царды сусæгдзинæдтæ.

«Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæ 2 кълæсæн»- ы хæстæ баххæст кæныны тыххæй пайда конд цæуы чиныг æмæ методикон амындтытæй:

- ***Дзампаты Ларисæ.*** Ирон æвзаг: 2 къласæн.

Ирон æвзаджы программæйы сæйраг идея у скъоладзауы ахуыры процессы сæйраг архайæг уæвынмæ сразæнгард кæнын.

Ирон æвзаджы программæйы сæйраг хицæндзинад – скъоладзаутæн комплексон æгъдауæй æвзаджы тыххæй зонындзинæдтæ раттын.

Æвзагзонынады программæйы спецификон хицæндзинæдтæ:

- мадæлон æвзагыл дзурыны нормативон арæхстдзинад: дзырдты растфыссынад æмæ растдзурынад, хъуыдыйæдты арæзт æмæ фыссынад.
- лингвистикон компетенци: æвзаджы иуæгты системон ахуырад, сæ арæзт, зæлынад, фыссынад æмæ ныхас;
- ныхасы компетенци: ныхас æмбарын æмæ дзы арæхстджынæй пайда кæнын хъуыдыйæдтæ аразгæйæ;
- коммуникативон компетенци: æвзагæй пайда кæныны фæлтæрддзинад ныхасы алыхуызон сферæты рæзын кæнын (царды, ахуырады æмæ а.д.);
- культурон компетенци:

Программæ домы, цæмæй ахуырдзаутæ хицæн кæной мыртæ æмæ дамгъæтæ

Программæ домы, цæмæйскъоладзаутæ базонойтекстысæйрагдæрхъуыдырахицæнкæнын, уацмысымидисхиныхæстæйрадзурын, дзырдтынысаниуæгзонын, текстæнйæ аивадон æууæлтæ рахатын; сахуыруойхъуыдыкæнын, рæзасæ аивадон æнкъарынад, цымыдис æмæ разæнгардкæнойчиныгкæсынмæ.

Æвзагзонынады программæйы сæйраг нысан:

- гуырынкæнынуарзондзинадмадæлон æвзагмæ, куыд æппæтиронадæмыкультурæйы æвдисæнмæ;

– ахуырдзаутæмирон æвзаджыарæзт æмæ функционалонархайдалысфералæты æмæ ситуацитызонындзинæдтæ рæзынкæнын;

Æвзагзонынадыпрограммæйысæйрагхæстæ:

– ирон æвзагмæ уæлдай ахаст гуырын кæнын, куыд ирон культурæйы аивдæр фæзынд;
– разæнгард кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындурон ахуырмæ,
– раттын зонындзинæдтæ ирон æвзаджы нысанты системæй йæ арæз æмæ йæ функцитæ
– зонындзинæдтæй практикон æгъдауæй пайда кæнын литаретурон æвзагыл дзургæ æмæ фысгæ ныхасы

Райдайæн кълæсты мадæлон æвзаг ахуыр кæныны программæ арæзт у кæрæдзиуыл баст æртæ хайæ:

1. Кæсын-фыссын ахуыр кæнын, фæсурокты кæсын æмæ ныхасы рæзт.
2. Литературон кæсынад (кълаcы æмæ фæсурокты) æмæ ныхасы рæзт.
3. Фонетикæ, лексикæ, грамматикæ, растфыссынад æмæ ныхасы рæзт.

Фонетикæ, лексикæ, грамматикæ, растфыссынад ныхасы рæзт

Райдайæн скъолайы ирон æвзаг ахуыр кæныны хæс у скъоладзаутæн сæ ныхасы æмæ фыссыны арæхстдзинад, сæ хъуыдыкæнынад, сæ удыхъæды миниуджытæ рæзын кæнын.

Кæстæр кълæсты скъоладзаутæ сæ мадæлон æвзаг хъуамæ базоной алывæрсыгæй: æвзагæн йæ дзырдуат, фразеологи, дзырдбæстытæ; мыртæ æмæ дамгъæты ахастдзинæдтæ; дзырдты лексикон-грамматикон къордтæ; дзырдарæзт; раст дзурын æмæ раст фыссыны литературон нормæтæ; йæ синтаксисон арæзт.

Скъоладзаутæ хъуамæ базоной бындурон грамматикон æмбарынæдтæ, раст фыссыны æгъдæуттæ.

Тынг ахсджиаг у скъоладзауты хибарæй кусыныл фæцалх кæнын. Уроктæ проблемон хуызы аразын ахъаз уыдзæн ахуырдзауты хъуыдыкæнынад хуыздæр рæзын кæнынæн.

Темæ ахуыргæнгæйæ æнæмæнг хынцын хъæуы, скъоладзаутæ уыцы æрмæгимæ баст фæрстытæй раздæр цы зонындзинæдтæ райстой, уыдон. Æрмæг ахуыр кæнын хъæуы æнцондæрæй зындæрмæ рахизгæйæ.

Фыццаг раттын хъæуы бæлвырд хæслæвæрдтæ проблемон хуызы, сæ сæххæст кæныны фæстæ ахуыргæнинæгтæ хъуамæ скæной, бæлвырд раиртæстытæм сæ чи æркæндзæн, ахæм хатдзæгтæ.

Дарддæр лæвæрд цæуынц алыхуызон фæлтæрæнтæ ног зонындзинæдтæ ныффидар кæнынæн.

Ахуыргæнæг йæ хъус хъуамæ дара, скъоладзаутæ ног æмбарынадæй кæнæ раиртæстæй куыд пайда кæнынц, уымæ.

Райдайæн кълæсты ирон æвзаджы программæйы сæйраг хæйттæ сты: "Мыртæ æмæ дамгъæтæ", "Дзырд", "Хъуыдыйад", "Кæрæдзиуыл баст ныхас", "Сыгъдæгфыссынад".

Мыртæ æмæ дамгъæтæ. Мыртæ æмæ дамгъæты тыххæй сæйраг зонындзинæдтæ скъоладзаутæ райсынц фыццаг кълаcы. Фыссыны æгъдæуттæ ахуыргæнгæйæ, æвзаджы урокты сабитæ ахуыр кæнынц ныхасы мыртæ хъусын æмæ дзурыныл, кæрæдзийæ сæ хицæн кæныныл. Базонынц хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ, сæ хицæндзинæдтæ, зылангон æмæ æзылангон æмхъæ-кгсонтæ.

Дамгъæтæ ахуыр кæныны рæстæг, æрмæг фидар кæнгæйæ дæр æмæ фæлхат кæнгæйæ дæр, стыр ахадындзинад ис дзырды мырон-дамгъон анализæн, скъоладзауты хъусын ахуыр кæныиæн, раст фыссыныл сæ фæлтæрынæн.

Ацы куысты хуызтæ кæнын хъæуы æрмæст 1-аг кълаcы нæ, фæлæ суанг 4-æм кълаcы онг дæр. Скъоладзаутæ хъуамæ бамбарой, дзырдтæ мыртæй арæзт кæй сты, мыртæ дзургæ æмæ хъусгæ

кæй кæнæм, фысгæйæ мыртæ дамгъæтæй нысангонд кæй цæуынц. Æнæмæнг архайын хъæуы, цæмæй скъоладзаутæ бамбарой, дзырды иу мыр æндæрæй ивгæйæ, йæ нысаниуæг дæр ивд кæй æрцæуы, уый: бон — бын, уад - уæд, зарæг - барæг, ком — кæм. Æмхъæлæсон у хъæлæсон у-йæ иртасын; мыртæ гь, къ, хъ фысгæйæ раст бæрæг кæнын, ома сæ г, к, х-йæ иртасын.

Фыццаг æмæ дыккаг кълæсты æвæрд æрцæуы бындур мыртæ æмæ дамгъæтæ раст дзурыны æмæ фыссыны куыстæн. Дарддæр иннæ кълæсты ацы куыст хъæуы фæбæстондæр æмæ фæуæрæхдæр кæнын, вазыгджындæр æрмæгæй пайдагæнгæйæ.

Дзырд. Райдайæн кълæсты æвзаджы урокты дзырд æвзæрст цæуы куыд лексикон æмæ грамматикон иуæг. Скъоладзаутæн лексикæйæ теоретикон зонындзинæдтæ лæвæрд нæ цæуы. Цæмæй дзырд раст ныффыссой, уый тыххæй йын зонын хъæуы йæ лексикон нысаниуæг *(æмбæрста — æмбарын, æмбæрзта — æмбæрзын, рысти — риссын, рызти — ризын).*

Дзырдуатон куыстæн стыр нысаниуæг кæй ис, уымæ гæсгæ дзырд скъоладзауты ныхасмæ бахауы йе 'ппæт бастдзинæдтæ хынцгæйæ, ома дзырдты æхсæн синонимон, антонимон, омонимон ахастдзинæдтæ; хъуыдыйады мидæг дзырдты бастдзинæдтæ.

Чиныджы фæлтæрæнты æмæ уæлæмхасæн хæслæвæрдты æрмæджы фæрцы скъоладзаутæ базонынц, дзырдтæ кæй нысан кæнынц предметты, фæзындтыты, æмбарынæдты, æууæлты, архæйдтыты нæмттæ; бæлвырд нысаниуæг сын кæй ис. Алыхуызон хъуыдыйæдты, уæлдайдæр та баст ныхасы, дзырдтæ æмбæлынц алы нысаниуæгты. Скъоладзаутæ базонынц, дзырдтæй иутæн кæй ис сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг дзырдтæ, иннæтæ кæй нысан кæнынц алыхуызон ныхмæвæрдтытæ, алы фæлтæрæнтæ æмæ хæслæвæрдты фæрцы базонынц, уыцы иу дзырдтæн алы уавæрты алыхуызон нысаниуæгтæ кæй вæйыы, иутæн дзы ахæс-гæ нысаниуæг кæй вæйыы, уыдæттæ.

Скъоладзаутæ ахуыр кæнынц сæ хъуыдытæ бæлвырд æмæ аив дзурыныл, дзырдуатæй хъæугæ дзырдтæ исын æмæ дзы сæ ныхасы пайда кæнын. Лексикон фæлтæрæнтæ æххæстгонд цæ-уынц грамматикон-орфографион æрмæг ахуыргæнгæйæ, æнцон æмæ сын æмбæрстгонд цы лексикæ у, уый бындурыл, пайдагонд цæуы, алы къласæн дæр дзырдуаты цы дзырдтæ лæвæрд цæуы, уыдонæй.

Ахæм уагыл кусгæйæ уæрæхдæр æмæ хъæздыгдæр кæны скъоладзауты дзырдуат.

Дзырды хæйттæ ахуыр кæнын райдайынц æртыккаг къласы. Дзырдарæзт ахуыр кæныны ахадындзинад уый мидæг ис, æмæ æххуыс у зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты растфыссынадыл кусынæн; уидаджы дызæрдыггаг æмхъæлæсонты растфыссынадæн **(сбадти - бадын, хызти — хизын).**

Дыккаг къласы скъоладзаутæ базонгæ вæйыынц дзырдты лексикон- грамматикон къордтимæ. Базонынц дзырдтæ фæрстытæм гæсгæ иртасын.

Сывæллæттæ базонынц, ирон æвзаджы фарст **чи?** æрмæст адæймаджы ном нысангæнæг дзырдтæм лæвæрд кæй цæуы **(*лæг*, *мад, чызг, ахуыргæнæг, нана).***

Скъоладзаутæ базонынц грамматикон æмбарынæдтæ: "предмет", "предметы æууæл", "предметы архайд".

Дарддæр иннæ кълæсты ацы æмбарынæдты бындурыл скъоладзаутæ базонынц ныхасы хæйтты нæмттæ: номдар, миногон, мивдисæг, номивæг, фæрсдзырд.

Райдайæн кълæсты скъоладзаутæ базонынц предметтæй, предметты æууæлтæй æмæ архæйдтытæй тематикон къордтæ аразын: а) дзаумæттæ: ***хæдон, хæлаф, къаба,*** æ) хуызæвдисæг миногонтæ: ***урс, сау, бур,*** *б)* архайдæвдисæг мивдисджытæ: ***згъорын, уайын.***

Дзырдты арæзт æмæ ныхасы хæйттæ ахуыргæнгæйæ æппæт кълæсты дæр лæвæрд цæуынц лексикон фæлтæрæнтæ, уыдон æххуыс сты дзырдты алыхуызон нысаниуæгтæ сбæрæг кæнынæн; сæ хъуыды зæгъынæн хъæугæ дзырдтæ ссарынæн; мырдтæн æндæр дзырдтимæ йæ ахастдзинæдтæ сбæрæг кæнынæн, (зæгъæм, дзырд ***хъæлдзæг*** æн синонимон ахастдзинæдтæ и

дзырд ***райгонд***-*имæ,* антонимон — дзырдтæ ***æнкъард, æрхæндæгимæ;*** хæстæг дзырдтæ: ***хъæлдзæгдзинад, хъæлдзæгад.*** Тематикон ахастдзинæдтæ йын нæй æндæр дзырдтимæ.

Дзырдуатон куыст бæлвырд уагмæ гæсгæ арæзт куы цæуа, уæд уый ахъаз у скъоладзауты раст дзурын æмæ æнæрæдыдæй фыссыныл сахуыр кæнынæн.

Хъуыдыйад. Райдайæн кълæсты скъоладзаутæ базонынц ныхас хъуыдыйæдтыл дих кæнын, хъуыдыйæдтæ сæ интонацимæ гæсгæ иртасын; хъуыдыйады уæнгтæ; дзырдты бастдзинад хьуыдыйады; хъуыдыйад цы дзырдбæстытыл дихгонд цæуы, уыдон. Ацы зонындзинæдтæ ахуырдзаутæ райсынц цыппар азы дæргъы.

1-2 кълæсты сывæллæттæ текст дих кæнынц хицæн хъуыдыйæдтыл, хъæлæсы уагæй æвдисынц хъуыдыйады райдайæн æмæ йæ кæрон. Ахуыр кæнынц, цы хъуыдыйад равзæрстой, уый фыссыныл, базонынц, хъуыдыйады райдайæн стыр дамгъæйæ фыссын кæй хъæуы, хъуыдыйады фæстæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын кæй хъæуы (стъæлф, фарсты нысан, хъæрон нысан).

Сывæллæттæ ахуыр кæнынц алыхуызы хъуыдыйæдтæ аразыныл, æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрыныл.

Хъуыдыйады уæнгтимæ скъоладзаутæ базонгæ вæййынц 2-аг къласы. Уæд райдайын хъæуы кусын, хъуыдыйады кæй кæнæ цæй кой цæуы, уый æвдисæг дзырдтæ агурыныл, дзырдтæм фæрстытæ дæтгæйæ се 'хсæн бастдзинад сбæрæг кæныныл.

Хъуыдыйад ахуыргæнгæйæ, иу къласæй иннæмæ æрмæг кæны вазыгджындæр, зындæр; сывæллæттæн фылдæр лæвæрд цæуы æрмæг хибарæй кусынæн, алыхуызон сфæлдыстадон куыстыты фæрцы хъæздыгдæр кæны скъоладзауты дзырдуат; алы-хуызон схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразынц.

Синтаксисыл куыст цæуы æвзаджы урокты æппæт программон æрмæг ахуыргæнгæйæ дæр.

Орфографион раиртæстытæ æмæ растфыссынады æгъдæуттæ бындуронæй æнцой кæнынц скъоладзауты хуымæтæг грамматикон зонындзинæдтыл.

Растфыссынадыл кусгæйæ хъуамæ æххæстгонд цæуой алыхуызы фæлтæрæнтæ: дзырдуатон-орфографион; ахуыргæнæджы ныхасмæ хъусгæйæ фыссын; æрмæг бакæсгæйæ, цы бахъуыды кодтай, уый ныффыссын; чиныгæй раст рафыссын; æмбарын-гæнæн фыстæг æмæ а.д.

Зын æмбарæн дзырдтæй арæхдæр пайда кæнын хъæуы фæлтæрæнты; хицæн темæтыл сæ дих кæнын; дзургæйæ æмæ фысгæйæ сæ æндæр дзырдтимæ барын; хиконд дзырдуæтты сæ фыссын.

Æвзаджы урокты æрмæгыл кусгæйæ архайын хъæуы дзырдтæ раст дзурын æмæ раст фыссыныл: дзырдты грамматикон æмæ лексикон нысаниуæгтæ хъуамæ амынд цæуой кæрæдзиуыл бастæй; кусын хъæуы скъоладзауты ныхасыræзтыл.

Фæлтæрæнтæ æххæст кæнын хъæуы куыд фысгæйæ, афтæ дзургæйæ дæр, раив-баивгæнгæйæ, æрмæг амонгæйæ арæхдæр пайда кæнын хъæуы грамматикон хъæзтытæй, алыхуызон дидактикон æрмæгæй, уæд сывæллæттæ тынг нæ фæллайдзысты æмæ æрмæг хуыздæр æмбардзысты.

Скъоладзауты зонындзинæдтæ сбæлвырд кæнын æмæ сын раст бæрæггæнæнтæ сæвæрын — уый у сывæллæтты ахуырмæ разæнгард кæныны сæйрагдæр мадзæлттæй иу. Ахуырдзауты зонындзинæдтæ сбæрæг кæныны фысгæ куысты сæйрагдæр хуызтæ сты: чиныгæй текст раст рафыссын, алыхуызон диктанттæ, изложенитæ, диктанттæ грамматикон хæслæвæрдтимæ, уæгъдибар æмæ сфæлдыстадон диктанттæ.

Дзырдуатон диктантты дзырдты нымæц вæййы:

- 1-аг къласы — 5 — 7;
- 2-аг къласы — 7 — 9;
- 3-аг къласы — 9 — 10;
- 4-æм къласы — 10 — 12.

Комтролон диктантты дзырдты нымæц хъуамæ уа:

- 1-аг къласы: 8 - 10 - ахуыры азы фыццаг æмбисы æмæ 20 — 25 — афæдзы кæрон.
- 2-аг къласы: 25 — 30 - ахуыры азы фыццаг æмбисы, 30 — 40 — афæдзы кæрон.
- 3-аг къласы: 35 — 50 — ахуыры азы фыццаг æмбисы, 40 — 60 — афæдзы кæрон.
- 4-æм къласы: 50 — 70 — ахуыры азы фыццаг æмбисы, 60 — 80 афæдзы кæрон.

Изложениты текстæ алы къласы дæр фæвæййынц 15-20 дзырды фылдæр.

Ныхасы рæзтыл куыст. Æвзаджы урокты ахуыргæнæджы сæйраг хæстæй иу у скъоладзауты ныхасы рæзтыл куыст. Ацы куыст райдайынц фыццæгæм къласы æмæ йæ кæнын хъæ***уы*** цыппар азы дæргьы æппынæдзухдæр.

Райдайæн скъола фæуыны фæстæ скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой хибарæй радзырд саразынмæ, иу цалдæр хъуыдыйадæй фыстæг ныффыссынмæ.

Ныхасы рæзтыл куыстмæ хауынц: дзырдуатон куыст; дзургæ ныхасы нормæтæ базонын; хъуыдыйæдтæ раст аразын; радзырдтæ фыссын. Грамматикон зонындзинæдтæ арф æмæ бæстоныл нымад цæудзысты, скъоладзаутæ дзы сæ дзургæ æмæ фысгæ ныхасы, сфæлдыстадон куыстыты куы пайда кæной, æрмæстдæр уæд.

Урокты ныхасы рæзтыл кусынæн læвæрд цæуы изложенитæ æмæ сочиненитæ, архайын хъæуы ууыл, цæмæй сæ текстæ уой, бæлвырд мидис кæмæн ис, царды алыхуызон цаутæ æвдыст кæм цæуа, ахæмтæ; сывæллæттæн сæхи цардæй ист хабæрттæ; фыстæг кæнæ хъусынгæнинаг ныффыссын, нывмæ гæсгæ куыстытæ кæнын.

Ныхасы рæзтыл куыстæн алы къласы дæр læвæрд цæуы сæрмагонд сахæттæ. Ахæм уроктæ кæнын хъæуы дыууæ къуырийы иу хатт, скæнæн сæ ис, цы грамматикон æрмæг сахуыр кодтой скъоладзаутæ, уымæ уæлæмхасæн хæслæвæрды хуызы дæр, стæй хицæн куысты хуызы дæр.

Сыгъдæгфыссынад. Райдайæн скъолайы сывæллæттæ зонгæ кæнынц аив, раст, сыгъдæг æмæ тагъд фыссыны æгъдæуттимæ. Уый тыххæй алы къласы дæр урочы рæстæгæй хардз кæнын хъæуы 6 — 8 минуты.

Сыгъдæгфыссынады хæстæ сты алыхуызæттæ. Сывæллæттæ 1-аг къласы хъуамæ фæлтæрой дамгъæты хæйттæ æмæ дамгъæтæ фыссыныл, æнцондæртæй зындæртæм хизгæйæ. Фыссой дзырдтæ, хъуыдыйæдтæ, кæрæдзиуыл баст текстæ чиныгæй дæр æмæ ахуыргæнæджы кастмæ гæсгæ дæр. 2-æм кълæсы сыгъдæгфыссынады хæстæ фæфылдæр æмæ фæвазыгджындæр вæййынц. Скъоладзаутæ арæхдæр пайда кæнынц зынфыссæн дамгъæтæй, дамгъæты иугæндтæй, рафыссынц дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ, скъуыддзæгтæ исты къухфыст кæнæ мыхуыргонд текстæй, йе та ахуыргæнæджы кастмæ гæсгæ.

Растфыссынадыл кусгæйæ ахуыргæнæг хъуамæ йæ цæст дара, цæмæй скъоладзау дамгъæтæ зулаив рæнхъыл раст фысса, йæ дамгъæтæ дæлдæр-уæлдæр, фæтæндæр-нарæгдæр ма уой, сæ формæ ма ива. Скъоладзаутæн сæ фысты хъæндзинæдтæ амонгæйæ ахуыргæнæг хъуамæ сывæллæтты тетрæдты ныффысса дамгъæты хуызæгтæ, каллиграфион æгъдауæй куыд æмбæлы, афтæ.

Программæйы læвæрд цæуы дзырдуат. Уырдæм хаст æрцыдис, стыр текстæ саразæн кæй фæрцы ис, ахæм дзырдты чысыл къорд. Ацы дзырдуат баххуыс уыдзæн скъоладзаутæн сæ хъуыдытæ раст, аив æмæ бæлвырд дзурынæн. Дзырдуат аразгæйæ нымад цыдысты иумæйаг принциптæ, ома æрмæг æвзæрст цыд дзырдты хъæугæдзинадмæ гæсгæ; лексикон иуæгты иудзинад хынцгæйæ; сывæллæттæн сæ кармæ гæсгæ куыд æнцон æмбарæн сты, уымæ гæсгæ.

Дзырдтæ læвæрд цæуынц ныхасы хæйттыл дихгондæй.

Фыццаг къласы дзырдуатмæ хаст æрцыдысты цæрæгойты, сырдты æмæ мæргъты нæмттæ; хæстæгдзинады терминтæ; дыргъæ æмæ халсарты нæмттæ; афæдзы афонтæ æ.æнд.; æууæлæвдисæг дзырдтæ, æнæмæнг хъæугæ архайдæвдисæг дзырдтæ; нымæцонтæ.

Дыккаг къласы дзырдуатмæ хаст æрцыдысты, фæрстытæ ***чи?*** æмæ **цы?,** ***цавæр? цы хуызæн? цы ми кæны? цы кæны****?-йæн* д з у а п п дзырдтæ дæттынц, уыдон.

Дыккагкласонтæ хъуамæ арæхсой боныхъæд, æрдзы нывтæ æрфыссынмæ, предметты нæмттæ къордтæ кæнын æмæ сын иумæйаг нæмттæ дæттынмæ, сæ дзырдуат фæхъæздыгдæр кæнынмæ; мидисджын нывтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ. Уымæн сын æххуыс уыдзæн ацы дзырдуат.

Зæгъæм, 2-аг къласы ахуыргæнинæгтæ базондзысты дзырд ***уадзын,*** 3-аг къласы ацы дзырд æмбæлы æндæр формæты æмæ нысаниуæгты — ***рауадзын, рауагъд, рауагъдад,*** 4-æм къласы базондзысты дзырдтæ ***рауагъдадон, рауадзæг.***

Дзырдуаты руаджы сабиты бон бауыдзæн, сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд цы дзырдтæ сты, ахæмтимæ кусын, бирæнысаниуæгон дзырдтæ бамбарын; дзырдтæй тематикон къордтæ аразын; хæстæг дзырдтæ агурын; дзырдарæзты мадзæлттæ базонын.

Дзырдуаты æмбæлынц, математикæ, æрдзонæн æмæ æндæр предметтæ иронау ахуыр кæнынæн цы дзырдтæ æмæ терминтæй пайда кæнынц, уьщон.

Алы урочы дæр скъоладзаутæ хъуамæ базоной 4 — 5 ног **дз**ырды. Уый фæстæ иннæ урокты уыцы дзырдтæ хъуамæ фæлхатгонд цæуой алыхуызон куысты хуызты æмæ фæлтæрæнты, цæмæй сæ хуыздæр бахъуыды кæной, уый тыххæй.

Грамматикæ, растфыссынад æмæ ныхасы рæзтыл куыст (къуыри - 2 сах., æдæппæт - 68 сах.)

Фыццаг къласы цы æрмæг ахуыр кодтой, уый зæрдыл æрлæууын кæнын.

Ныхас хъуыдыйæдтыл, хъуыдыйæдтæ дзырдтыл дих кæнын. Мыртæ æмæ дамгъæтæ.

Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтæ. Зылангон æмæ æзылангон мыртæ. Æмкъай зылангон æмæ æзылангон мыртæ. Æмхъæлæсонты растфыссынад. Дзырдты мырон-дамгъон анализ схемæтæм гæсгæ æмæ æнæ уыдонæй. Дызæрдыггаг æмхъæлæсонты растфыссынад.

Уæнг. Дзырд уæнгтыл дих кæнын зонын. Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ уæнггай хæссын зонын.

Æмхъæлæсонтæ **й, у** кæм уа, ахæм дзырдтæ иннæ рæнхъмæ хæссын. Хъæлæсон у æмхъæлæсон **у**-йæ иртасын зонын.

Уырыссаг æвзагæй æрбайсгæ дзырдты дамгъæтæ ***э, ю, я, е, ы, ж, ш, щ, ъ, ь*** раст кæсын æмæ фыссын.

Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæсгæйæ дамгъæтæ ***дз, дж, гъ, къ, пъ, тъ, хъ*** хицæнгæнæн кæй нæй, уый бацамонын. (4 **сах.)**

Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ астæуæй цы дзырдты ис, уыдон иу рæнхъæй иннæмæ раст хæссын зонын ***(уæззау, лæппу, сæууон*** *æмсе а.д.).* **(3 сах.)**

Цавд. Дзырдты мидæг цавдон æмæ æнæцавдон уæнгтæ.

Дамгъуат. Дамгъуат зонын. Чиныджы кæрон лæвæрд чысыл дзырдуаты дзырдтæ арын зонын.

Дзырдуатон куыст. Мыртæ амонгæйæ пайдагæнæн ис сфæлдыстадон куысты хуызтæй.

Дзырд.

Стыр дамгъæ адæймæгты, горæтты, хъæуты, дæтты, кæмтты æмæ фосы нæмтты.

Фæрстытæ ***чи?, цы****?-йæн* дзуапп цы дзырдтæ дæттынц, уыдон зонын, сæ хицæндзинæдтæ сын бæрæг кæнын.

Фæрстытæ ***цавæр?, цы хуызæн****?-æп* дзуапп цы дзырдтæ дæттынц, уыдон æвзарын.

Фæрстытæ ***цы ми кæны?, цы кæны****?-йæи* дзуапп цы дзырдтæ дæттынц, уыдон æвзарын.

Предмет, миниуæг æмæ архайдæвдисæг дзырдтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.

Сæ хъуыдымæ гæсгæ кæрæдзимæ хæстæг чи лæууы, стæй ныхæй-ныхмæ чи у, ахæм хуымæтæг дзырдтæ иртасын зонын.

Дзырдуатон куыст. Хъуыдыйады мидæг дзырдты нысаниуæгтæм хъус дарын, бæрæг сæ кæнын; йæ хъуыдымæ гæсгæ баст тексты хæстæг æмæ ныхмæвæрд дзырдтæ агурын; предметтæй тематикон къордтæ аразын ***(адæм, ахуыргæнæн дзау-мæттæ, уæлæдарæс, хæдзарон фос, сырдтæ*** æмæ æнд.); æууæлæвдисæг дзырдтæ къордтæ кæнын.

Хъуыдыйад. Ныхас хъуыдыйæдтыл дих кæнын зонын. Хъуыдыйады ныхас кæуыл кæнæ цæуыл цæуы æмæ сæ цы загъдæуы, уый нысангæнæг дзырдтæ рахицæн кæнын.

Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ — сæйрат æмæ зæгъинаг. Хъуыдыйады мидæг фæрстыты руаджы дзырдты æхсæн бастдзинад бæрæг кæнын. Стъæлф, фарсты æмæ хъæры нысантæ хъуыдыйады кæрон. Хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсын зонын. Дзырдтæ æмæ цыбыр хъуыдыйæдтæ (3 — 4 дзырды) ахуыргæнæгимæ равзарын æмæ фыссын.

Дзырдуатон куыст. Сфæлдыстадон куыстытæ дæттын: læвæрд дзырдтæй хъуыдыйæдтæ саразын; хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ фæдаргъдæр кæнын; нывмæ гæсгæ цалдæр цыбыр хъуыдыйады ныффыссын; хъуыдыйæдты бирæнысанон дзырдтæ агурын æмæ сæ æмбарын кæнын. Алы урочы дæр амонын 3- 4 ног дзырды.

Ныхасы рæзтыл куыст.

Фæрстытæм æмæ архайдæвдисæг нывтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразын. Ахуыргæнæджы æххуысæй саразын æмæ ныффыссын иу къорд хъуыдыйады иу темæмæ гæсгæ. Кæй бакастысты, ахæм чысыл текст хæйттыл дих кæнын æмæ дзы алкæмæн дæр сæргонд кæнын (фылдæр фæрстыты хуызы). Ахуыргæнæджы æххуысæй фæрстытæм гæсгæ саразын цыбыр текст (30- 40 дзырды). Саразын æмæ ныффыссын чысыл радзырд скъоладзауты фæллойы, хистæрæн æххуысы, сабиты хъæзтыты тыххæй.

Сыгъдæгфыссынад. Фыссыны æгъдæуттæ дарддæр фидар кæнын: раст бадын, тетрад æмæ ручкæйыл раст хæцын æмæ æнд. Стыр æмæ гыццыл дамгъæтæй арæзт къордтæ вазыгджындæр кæнгæйæ фыссын.

Сæйраг домæнтæ скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм

Азы кæронмæ скъоладзаутæ хъуамæ базоной:

- æппæт дамгъæты нæмттæ;
- хæлæсон æмæ æмхъæлæсон, зылангон æмæ æзылангон мыртæ;
- дамгъæтæ ё, э, ю, я, ж, ш, щ;
- уæнг; цавдон æмæ æнæцавдон уæнгтæ;
- дзырды лексикон нысаниуæг;
- синонимтæ æмæ антонимтæ;
- номдар, миногон æмæ мивдисæджы æмбарынæдтæ; сæ фæрстытæ:
- хъуыдыйады арзт;
- хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ;
- æрхæцæн нысæнтты хуызтæ хъуыдыйады кæрон;
- тексты æмбарынад;

Ахуырдзаутæ хъуамæ арæхсой:

- дзырдтæ алфавитон уагыл фыссын æмæ дзурынмæ;
- зыладамгъæтæ каллиграфион æгъдауæй раст фыссынмæ;
- дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ уæнггай хæссынмæ;
- хъæлæсон у æмхъæлæсон у-йæ иртасынмæ;
- зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ кæрæдзийæ иртасынмæ;
- сæрмагонд номдарты стыр дамгъæ фыссынмæ;
- дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ дзырдтæ раст фыссынмæ;
- мырон-дамгъон равзæрст кæнынмæ;
- дзырдты цавд æвæрынмæ;

- дзырдтæ сæ нысаниуджытæм гæсгæ хицæн кæнынмæ;
- номдартæ, миногонтæ, мивдисджытæ сæ фæрстытæм гæсгæ иртасынмæ
- хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ амонынмæ;
- хъуыдыйады кæрон хъæугæ нысан æвæрынмæ;
- хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
- дзырдтæ æмæ цыбыр хъуыдыйæдтæ фыссынмæ;
- тексты темæ бæрæг кæнынмæ æмæ йын сæргонд хъуыды кæнынмæ;
- тексты мидис хи ныхæстæй дзурынмæ.

Дзырдуат
скъоладзауты ныхасы рæзтыл кусынæн спайда кæнинаг дзырдтæ
2- æм къ лас

Номдартæ

Амонд, арфæ, архайд, астæу (буары хай), ахсæн (буары хай), ахуырад, аххос, æрдз, æгъдау, æмбал, æмбæрзæн, æмбырд, æмгар, æмдзæвгæ, æмхъæлæсон, æрдхорд, боныхъæд, дæгъæл, дохтыр, дукани, дыргъдон, къабаз (цонг), къабаз (хæстæг), къухмæрзæн, нывгæнæг, ныййарæг, пысыра, рæстдзинад, рынчындон, рудзынгæмбæрзæн, сауцъиу, скъуыддзаг, текст, уад(тыхджын дымгæ), уæладзыг, уынæр, фарст, фæз, фæллой, фæлтæрæн, фæндон, фыстæг, хос, хъазт, хъæлæсон, хъызт, царв, цæхæрадон, цъар.

Миногонтæ

Æрыгон, бæрзонд, гыццыл, læмæгъ, мадæлон, кард, ныллæг, райдзаст, рæвдз, рог, сæрæн, уалдзыгон, уырыссаг (æвзаг), фæ-лурс, хæрзад, хъæбæр, хъæдын, хъæздыг, цыбыр, чысыл.

Мивдисджытæ

Архайын, æмбæрзын, æмбырд кæнын, бæттын, æппарын, æфтауын, кæнын, кæрдын, кæсын (рудзынгæй), кусын, ныв кæнын, læууын, уынæр кæнын, фæллайын, фæллой кæнын, хатыр курын, хинымæр кæсын.

Нымæцонтæ

Æртын, цыппор, фæндзай, æхсай, æвдай, æстай, нæуæдз, сæдæ. ***Æнæфæхицæнгæнгæ иуæгтæ***

Æууæнк бахæрын. Æнхъæлмæ кæсын. Дзыхыл хæцын. Зæрдæ æвæрын. Зæрдыл дарын. Маст райсын. Ницæмæ дарын. Ныхмæ дзурын. Раджыма-раджы. Сæр бахъæуын. Фæлмæнзæрдæ адæймаг. Худæгæй мæлын. Хъус дарын. Хъуыдыты аныгъуылын.

Литературæ:

1. Дзампаты Л. Ирон æвзаг 2 кълас, Дзæуджыхъæу, 2015
2. Ирон æвзаджы программæ 1-11-æм кълæстæн, Дзæуджыхъæй, 2014
3. Пагæты З. 1-4 кол. Ахуыргæнинæгтæ кæсын- фыссын куыд зонынц, уымæн бæрæггæнæнтæ æвæрыны бæрцбарæнтæ. Дзæудж. 2003
4. Сидахъаты А. Дидактикон æрмæг ныхасы рæзтыл кусныæн. Дзæуджыхъæу, 2013.
5. Дзытиаты Э. Гæбæраты Р. Диктанттæ æмæ сфæлдыстадон куыстытæ ирон æвзагæй. 1-2 кълæстæн. Дзæуджыхъæу. 2011

№	Фарс	Урочы темæ	Универсалон ахуырадон архæйдтытæ	Урочы тип	Равзаринаг фарстатæ	Скъоладзауты зонындзинæдтæм домæнтæ	Æмгъуыд
I-цыппарам хай.(18 сах.)							
1	4- 5	Фыццаг къласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.	**Зонындзинадтæ райсыныл архайд (познавательные)**: информаци агурын чиныджы, таблицæты, иллюстрациты, схемæты, компьютеры. Анализ кæнын (сæйраг хъуыды хицæн кæнын, цæмæй арæзт у), хатдзæгтæ кæнын фактты бындурыл. Фæзындтæ æмæ фактæ къордтыл дих кæнын. информаци аразын (пъланы, тексты, таблицæйы, схемæйы хуызы).	Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын	- Чиныджы арæзтимæ зонгæ кæнын. Чиныгимæ кусын зонын: чингуыты хуызтæкæрæдзийæ иртасын(ахуыргæнæн, наукон,аивадон);чиныджы автор чи у,уый зонын; йæ арæзт ын зонын. Хъæугæ темæ куыд ссарæн ис, раиртæстытæ, зæрдылдаринæгтæ æмæ æмбарынгæнæн дзырдуатæй куыд пайда кæнын хъæуы. - Тексты æмбарынад. Текст хъуыдыйæдтыл дих кæнын. Хъуыдыйад.	**Зонын:**чиныджы арæзт(цъар, сæргонд, титулон сыф,иллюстраци) **Арæхсын:**чиныгимæ архайын, зилын æм, хъæугæ æрмæг дзы ссарын	
2 3	6 7-8	Дзырд. Хъуыдыйад. Текст.					
4	9- 11	Мыртæ æмæ дамгъæтæ	Фактæ, фæзындтæ, абстрактонæмбарынæдтæ кæрæдзиимæ барын. Аххосæгтæ агурын æмæ сын хатдзæгтæ кæнын. Ахуыргæнæджы æххуысæй, кæнæ хибарæй ассоциацитæ агурын, модельтæ аразын	Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын	Предмет, миниуæг æмæ архайдæвдисæг дзырдтæ.	**Зонын:** ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ хицæн кæнын фæрстытæм гæсгæ; **Арæхсын:** фæрстытæн дзуаппытæ дæттынмæ. Ног дзырдтæй ныхасы пайда кæнынмæ.	

5	12- 13	Хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ.	**Удгоймагон универсалон архайд (личностные):** Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. Адæймаджы раконд хъуыддæгтæй хорз кæнæ æвзæр рахонæн кæцыйæн ис,уый æмбарын(афтæ хи хъуыддæгтæн дæр). Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын. Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæдзурын. Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын,æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын. Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи хъахъхъæнын. Алыхуызон ситуациты хи дарыны æгъдæуттæ æвзарын зонын. Хи æвзæр миниуджытæ зонын æмæ сын дзуапп	Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын	Хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ.	**Зонын:** мыртæ дих кæнын **Арæхсын:** дзырдтæ уæнгтыл дих кæнынмæ, иу рæнхъæй иннæмæ хæссынмæ.	
6	14-15	Хъæлæсон мыртæ (дамгъæтæ).					
7	16- 17	Æмхъæлæсон мыртæ (дамгъæтæ).					

			дæттын(хи æфхæрын зонын, искæйы æфхæрд æмбарын дæхи раконд æвзæр хъуыддаджы тыххæй)				
8	18- 21	Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ	**Регулятивон универсалон архайд:** Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй. Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй. Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын. Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын. Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын.	Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:**рацыд æрмæгæй раиртæстытæ; **Арæхсын:** фæрстытæн дзуаппытæ дæттын,практикон æгъдауæй зонындзинæдтæй пайда кæны**.**	
9	21	**Ныхасы разтыл куыст (ныв 21ф.)**					
10 11 12 13	24-25 26	Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад. Рацыд æрмæг фидар кæнын.	**Коммуникативон универсалон архайд:** Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ фактæй æххæст кæнын.	Ног æрмæг	Фæззыгон ныв тæ. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ кæрæдзийæ иртасын	**Зонын:**хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ, æмкъай зылангон æмæ æзылангонтæ, **Арæхсын:** Дзырдтæн	

			Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ. Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын. Æндæр искæйы позици æмбарын(тексты авторимæ диалогы цæуын). Алыхуызон хæстæ сæххæст кæныны тыххæй фысгæ æмæ дзургæ тексттæ аразын (хибарæй æмæ ахуыргæнæгимæ). Коммуникативон хæстæ сæххæст кæнынæн алыхуызы ныхасы ситуацитæ аразын. Къæйтты,къордты кусын(лидеры, критикы, æххæстгæнæджы ролы). Конфликттæ мынæг кæнын, баныхас кæнын зонын, барын.			мырон-дамгъон анализ кæнынмæ.	
14		**Контролон диктант № 1.**	Контролон урок.				
15		Рæдыдтытыл бакуыст.	Рефлекси.				
16	29- 31	Дамгъæтæ гъ, дж, дз, къ,			Æмкъай зылангон æмæ	**Зонын:**	

		пъ, тъ, хъ, цъ, чъ, дзырдты мидæг			æзылангон æмхъæлæсонтæ (в-ф, г-к, дз-ц, гъ-х, з-с, дж-ч) кæрæдзийæ иртасын.	**Арæхсын:** мыртæ дыууæ къордыл дих кæнын (зыл æмæ æзыл).	
17	32-33	Уырыссаг æвзагæй æрбайсгæ дзырдты дамгъæтæ ё, ж, ш, щ, ъ, ы, ь, э, ю, я раст кæсын æмæ фыссын.			Темæмæ гæсгæ	**Зонын:**раиртæст, **Арæхсын:** æнæрæдыдæй фыссынмæ	
18		Алфавит		Ног æрмæг	Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынадыл бакусын	**Зонын:**зонын раиртæст, **Арæхсын:** дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ цы дзырдты ис, уыдон æнæрæдыдæй фыссынмæ	
II -цыппарам хай. (14 сах.)							
19/1 20/2	40-42	Уæнг æмæ дзырд. Дзырд уæнгтыл дих кæнын.		Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:**темæмæ гæсгæ æнæрæдыдæй фыссын **Арæхсын:** фæрстытæн раст дзуаппытæ дæттынмæ	
21/3 22/3	43-44	Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссын		Ног æрмæг	Дзырды арæзт, йæ хæйттæ. (æмбарынад) Кæрон (æмбарынад)	**Зонын:**дзырдарæзт**,** **Арæхсын:** дзырдты кæрон, уидаг, разæфтуан æмæ фæсæфтуан бæрæг кæнын,	
23/4	45- 47	Æмхъæлæсонтæ й æмæ у кæм ис, ахæм дзырдтæ		Ног æрмæг	Уидаг - иумæйаг æмбарынад. Æмуидагон	**Зонын:**раиртæст **Арæхсын:**	

		иу рæнхъæй иннæмæ хæссын			дзырдтæ (раиртæст).	æмуидагон дзырдтæ ссарынмæ	
24/5	48-50	Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæсын.		Ног æрмæг	Фæсæфтуан (раиртæст). Фæсæфтуантæ -æг, -аг, -он, -дон, -джын, сæ нысаниуджытæ.	**Зонын:**раиртæст, фæсæфтуантæ -æг, -аг, -он, -дон, -джын, **Арæхсын:** дзырдты фæсæфтуантæ бæрæг кæнынмæ	
25/6	50-52	Дывæргонд æмхъæлæсонтæ цы дзырдты уа, уыдон иу рæнхъæй иннæмæ хæссын. **Ныхасы рæзтыл куыст.**					
26/7		**Контролон диктант № 2.**		Контролон урок.			
27/8		Рæдыдтытыл бакуыст.	Беседœ, текст, фœлтœрœнтыл куыст, ныхасы рœзтыл куыст, ерыс, къордтыл дих.	Рефлекси.			
28/9	53- 55	Цавд.		Ног æрмæг	Разæфтуан (раиртæст) разæфтуантæ æнæ-, æм-, а-, ба-, ра-, æрба-, ны-, с-. Дзырдты растфыссынад.	**Зонын:**раиртæст, фæсæфтуантææнæ-, æм-, а-, ба-, ра-, æрба-, ны-, с-. **Арæхсын:** дзырдты фæсæфтуантæ бæрæг кæнынмæ	
29/10	56- 59	Цавдон æмæ æнæцавдон уæнгтæ дзырды мидæг. **Ныхасы рæзтыл куыст.**					
30/11	60-61	Дзырды лексикон нысаниуæг.	Зонгæ кæнæм дзырдты лексикон нысаниуджытимæ.	Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:**диалог æмæ монолог иртасын **Арæхсын:** диалог аразынмæ, аив ныхас кæнынмæ	

31/12	62-64	Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. **Ныхасыræзтыл куыст. Текст æмæ йæ сæргонд.**					
32/13		**Контролон диктант № 3.**		Контролон урок.			
33/14		Рæдыдтытыл бакуыст.	Беседœ, текст, фœлтœрœнтыл куыст, ныхасы рœзтыл куыст, ерыс, къордтыл дих.	Рефлекси.			
III -цыппарам хай. (20 сах.)							
34/1 35/2	65- 67	Синонимтæ.		Рацыд æрмæг сфæлхат кæнын		**Зонын:**рацыд æрмæгæй фæрстытæн раст дзуаппытæ дæттын **Арæхсын**: хибарæй хæслæвæрдтæ æххæст кæнынмæ	
36/3 37/4	68- 73	Антонимтæ. **Ныхасыræзтыл куыст.**		Ног æрмæг		**Зонын:**дзырдарæзт **Арæхсын:** дзырды бындур сбæлвырд кæнынмæ	
38/5 39/6	74- 75 76- 78	Ныхасы хæйттæ. Номдар. Фæрстытæ чи? цы?		Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:**фæрстытæн дзуаппытæ дæттын рацыд æрмæгæй **Арæхсын:**	
40/7 41/8	79- 83	Ныхасы хæйттæ. Номдар. Фæрстытæ чи? цы?				**Зонын:**дзырдарæзт **Арæхсын:** дзырды бындур сбæлвырд кæнынмæ	
42/9		**Контролон диктант № 4.**		Контролон урок			
43/10		Рæдыдтытыл бакуыст.	Беседœ, текст, фœлтœрœнтыл куыст,	Рефлекси.			

			ныхасы рœзтыл куыст, ерыс, къордтыл дих.				
44/11	84- 85	Стыр дамгъæ адæймæгты нæмтты		Ног æрмæг	Дзырды лексикон нысаниуæг. (иумæйаг æмбарынад)	**Зонын:**раиртæст **Арæхсын:** дзырдуатимæ кусынмæ	
45/12	86- 87	Стыр дамгъæ горæтты, хъæуты, уынгты æмæ дæтты сæрмагонд нæмтты.		Ног æрмæг		**Зонын:**синонимтæ æмæ антонимты иумæйаг æмбарынад **Арæхсын:** антонимтæ æмæ синонимтæ дзырдуаты ссарынмæ	
46/13	88-91	Стыр дамгъæ цæрæгойты нæмтты. **Ныхасы рæзтыл куыст.**		Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:**рацыд æрмæгæй практикон æгъдауæй пайда кæнын **Арæхсын:** текстимæ кусынмæ	
47/14 48/15	92- 93 94-96	Миногон. Фæрстытæ цавæр? цыхуызæн?		Ног æрмæг	Æрдз зымæгон. Номдар, миногон, мивдисæг. (иумæйаг æмбарынад) Номдар куыд ныхасы хай) иумæйаг æмбарынад), йæ фæрстытæ, йæ ахадындзинад,	**Зонын:**ныхасы хæйтты иумæцаг æмбарынад **Арæхсын:** номдар, миногон, мивдисæг тексты мидæг бацамонынмæ	
49/16 50/17	99-103	Миногон. Фæрстытæ цавæр? цыхуызæн? Рацыд æрмæг фæлхат кæныны урок		Рефлекси.	Номдарты ивынад нымæцтæм гæсгæ: иууон æмæ бирæон нымæц.	**Зонын:**номдартæ нымæцтæм гæсгæ ивын **Арæхсын:** текстимæ кусынмæ	
51/18		**Контролон диктант № 5.**		Контролон урок.			
52/19		Рæдыдтытыл бакуыст.	Беседœ, текст, фœлтœрœнтыл куыст, ныхасы рœзтыл куыст,	Рефлекси.			

			ерыс, къордтыл дих.				
53/20	104-107	Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. Фæлтæрæн куыстытæ. **Ныхасы рæзтыл куыст.**		Рефлекси.			
IV-цыппарам хай (16 сах).							
54/1 55/2	108- 109	Мивдисæг. Фарст цы ми кæны? цы кæны?		Ног æрмæг		**Зонын:**номдарты дих сæрмагонд æмæ иумæйаг нæмттыл **Арæхсын:** сæрмагонд номдартæ раст фыссынмæ	
56/3 57/4	110- 112	Мивдисæг. Фарст цы ми кæны? цы кæны?		Рефлекси.			
57/5	113- 116	Мивдисæг. Фæлтæрæн куыстытæ. **Ныхасы рæзтыл куыст.**		Рефлекси.		**Зонын:раиртæст Арæхсын:** номдарты кæрæттæ раст ивын фæрстытæм гæсгæ	
58/6		**Контролон диктант № 6.**		Контролон урок.			
59/7	117- 119	Рæдыдтытыл бакуыст.	Беседœ, текст, фœлтœрœнтыл куыст, ныхасы рœзтыл куыст, ерыс, къордтыл дих.	Рефлекси.			
60/8	120-127	Хъуыдыйад. Ныхас хъуыдыйæдтыл дих кæнын.		Рефлекси. Контролон урок.	Изложени фыссыныл куыст	**Зонын:тексты арæзт Арæхсын:** хи ныхæстæй текст ныффсынмæ	
61/9	128-132	Хъуыдыйад аразын зонын æмæ йæ раст хъæлæсы уагæй кæсын. Стъалф, фарсты ама хъары нысантта		Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:тексты арæзт Арæхсын:** хи ныхæстæй текст ныффсынмæ	

		хъуыдыйады карон.					
62/10 63/11	133-137	Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.		Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:тексты арæзт** **Арæхсын:** хи ныхæстæй текст ныффсынмæ	
64/12 65/13	138-143	Фарстыты руаджы дзырдты ´хсан бастдзинад сбараг канын. Фæлтæрæн куыстытæ. **Ныхасы рæзтыл куыст.**		Рефлекси. Контролон урок.		**Зонын:тексты арæзт** **Арæхсын:** хи ныхæстæй текст ныффсынмæ	
66/14		**Контролон диктант № 7.**		Контролон урок.			
67/15	138-143	Рæдыдтытыл бакуыст.	Беседœ, текст, фœлтœрœнтыл куыст, ныхасы рœзтыл куыст, ерыс, къордтыл дих.	Рефлекси.			
68/16		Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæныны урок		Ног æрмæг	Миногон куыд ныхасы хай, йæ иумæйаг нысаниуæг, йæ фæрстытæ.	**Зонын:**миногоны тыххæй иумæйаг æмбарынад **Арæхсын:** миногонтæ хицæн кæнынмæ æндæр ныхасы хæйттæй	